



Pou Piblikasyon Imedya: 29/05/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE NOUVO LABORATWA ENÈJI INOVAN NAN  
KONPLÈKS NANOTECH ALBANY NY CREATES LA**

***"Jimo" rezo elektrik dijital Otorite Enèji New York la pèmèt tès nouvo teknoloji,  
amelyorasyon rezo ak enpakte entegrasyon resous renouvlab yo***

***Platfòm tès vityèl pral ede akselere adopsyon nouvo pwodwi ak sèvis enèji pwòp,  
modènize sektè enèji a***

***NYSEDA pral bay 9 milyon dola pou sipòte rechèch teknoloji avanse***

**Gade [videyo](#) AGILe Lab la**

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ouvèti ofisyèl yon laboratwa rezo elektrik ak sistèm elektrik klas mondyal inik ki baze nan Konplèks NanoTech Albany NY CREATES la, etablisman rechèch ak devlopman semi-kondiktè ki pi avanse nan nasyon an. [Laboratwa Inovasyon Rezoo Avanse pou Enèji \(Advanced Grid Innovation Laboratory for Energy, AGILe\)](#), ki sitiye nan bilding Nanoteknoloji Zewo Enèji (Zero Energy Nanotechnology, ZEN), ki pèmèt yo fè tès, modèl ak validasyon nouvo teknoloji elektrifikasyon, amelyorasyon rezo elektrik, pwodwi ak sèvis ki gen rapò ak transmisyon, ak nouvo solisyon pou sistèm enèji. Laboratwa AGILe ofri kliyan kapasite pou teste teknoloji an tan reyèl sou yon modèl dijital rezo elektrik Eta New York ak sistèm oksilyè li yo.

"Laboratwa AGILe la, ki sitye santralman ak yon fason fasil nan kapital New York la, pral sèvi kòm yon sant rechèch sou rezo elektrik mondyal", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Tranzisyon enèji pwòp la pral enfòmè pa done, epi etablisman AGILe ki fèk elaji a pral ede Eta New York ak investigatè enèji ki soti toupatou nan mond lan devlope solisyon enèji inovan ki pral fè nou avanse nan direksyon yon avni ki pi dirab."

Kreye pa Otorite Enèji New York (New York Power Authority, NYPA), pi gwo sèvis piblik eta nan peyi a, laboratwa AGILe ki fèk elaji a bay similasyon rezo elektrik an tan reyèl pou evalye senaryo alavni yo epi teste enpak nouvo teknoloji ak teknoloji amelyore sou sistèm elektrik an gwo san yo pa mete rezo elektrik eta nan risk. Kapasite laboratwa yo pou similasyon plizyè kondisyon rezo elektrik ak konekte ekipman fizikman ak

nòmalmman nan anviwònman tèl AGILe la pral ede akselere entegrasyon fyab nouvo teknoloji ak pwodwi yo.

**Administratè NYPA, Laurie Wheelock, te deklare,** "Travay AGILe ap chèche pwofite teknoloji dènnye kri pou teste solisyon enèji an tan reyèl san yo pa riske entegrite rezo New York la. Devlopman laboratwa a reprezante kolaborasyon kontinyèl Otorite Enèji a ak patnè enèji pwòp pou avanse objektif Lwa Klima New York yo, epi ouvèti alè li pral ede enfòmè NYPA sou fason ki pi abòdab ak efikas pou enkòpore nouvo enèji renouvlab yo nan rezo elektrik nou an nan tout eta a."

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral NYPA a, Justin E. Driscoll, te deklare,** "Laboratwa Inovasyon Rez Avanse pou Enèji entegral nan siksè nou nan avanse tranzisyon eta a nan yon ekonomi enèji pwòp. Atravè nouvo kolaborasyon rechèch ki ogmante kapasite done ak analiz AGILe, nou pral reponn kesyon enpòtan sou rezo nan tan kap vini an pou resous enèji nou yo ak sistèm transmasyon sipò yo modèn epi pou yo kapab sipòte objektif enèji anbisyè nou yo. AGILe se yon resous mondyal ki ka itilize pa nenpòt vandè, sèvis piblik, oswa antite rechèch k ap chèche reponn kesyon inovasyon enèji ijan yo."

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral NYSERDA, Doreen M. Harris, te deklare,** "Atravè efò kolaborasyon sa a ak AGILe ak otorite sè nou an NYPA, n ap ankouraje inovasyon ansanm pou akselere devlopman ak deplwaman teknoloji dènnye kri ki fè avanse modènizasyon rezo. Konesans nou genyen nan konbine ekspètiz ak resous tout patnè yo ak avanse done dènnye modèl ak kapasite modèl sipòte tranzisyon New York nan enèji pwòp ki distribue avèk efikasite bay rezidan yo atravè eta a."

**Direktè Egzekitif Jeneral Depatman Sèvis Piblik Eta New York la, Rory M. Christian, te deklare,** "Inisyativ tankou pwojè AGILe la pral ede ankouraje devlopman kontinyèl nouvo teknoloji enèji pwòp ki sipòte efò nou yo pou maksimize benefis ki genyen nan investisman rezo ki egziste deja nan Eta New York. Felisitasyon pou anpil pati ki enlipe nan pwosesis enpòtan sa a."

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Operatè Sistèm Endepandan New York la, Richard Dewey, te deklare,** "Mwen aplodi NYPA paske li montre yon lòt fwa ankò lidèchip ak entelijans ki nesèsè pou avanse rezo alavni an. AGILe pral ede konfwonte defi yo nan balanse fyabilite sistèm ak devlopman enèji pwòp ak teknoloji dènnye kri. NYISO kontan anpil pou l travay ak NYPA nan sans sa a epi gen yo "jimo dijital" an matyè rezo nan lakou nou an pral sèlman rann kolaborasyon nou an vin pi etwat."

AGILe pral pèmèt tou evalyasyon enpak ogmantasyon penetrasyon resous renouvlab pa entèmitans nan rezo elektrik Eta New York la. Teknoloji enèji pwòp, tankou sistèm estokaj batri, machin elektrik, ak enfrastrukt ki asosye, ka konekte ak AGILe pou teste efikasite ak evalye pèfòmans. Aprantisaj yo ka aplike answit pou amelyorasyon pwodwi yo ka fèt anvan pwodwi ak sèvis yo deplwaye nan rezo elektrik la oswa nan sistèm enèji a.

New York sou wout pou l reyalize yon sektè elektrisite zewo emisyon an 2040, ki gen ladan 70 pousan pwodiksyon enèji renouvlab vè 2030. Laboratwa AGILe la pral pèmèt kliyan yo teste estrateji, pwodwi ak sèvis ki pral ede avanse objektif klimatik ak enèjetik pwòp eta a.

Laboratwa AGILe a pral kolabore ak divès òganizasyon ki konsantre sou enèji, tankou Enstiti Rechèch sou Enèji Elektrik (Electric Power Research Institute, EPRI), Otorite Enèji Long Island (Long Island Power Authority, LIPA), Operatè Sistèm Endepandan New York (New York Independent Systems Operator, NYISO), sèvis piblik ki posede pa investisè New York, ak Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) pou sipòte rechèch, evalyasyon ak tèknoloji k ap emèje yo.

### **Nouvo Pwojè sou Orizon an: 9 milyon dola pou Rechèch Teknoloji Avanse**

NYSERDA ap fè patenarya ak NYPA pou sipòte inisyativ sou fyabilite rezo elektrik, modènizasyon rezo a ak fleksibilite operasyonèl, sibèsekirite ak rezistans nan rezo a pandan twa pwochen ane yo. Dapre yon Memorandòm Konpreyansyon ki fèk siyen, NYSERDA pral mete 8 milyon dola disponib atravè yon demann konpetitif alavni pou pwojè ki pi byen itilize done, resous enfòmasyon ak anplwaye AGILe yo. Y ap itilize yon lòt 1 milyon dola pou rechèch ak analiz ki dirije pa NYSERDA an kolaborasyon ak moun ki gen enterè kle yo.

### **Disponib pou vandè yo, inovatè enèji atravè mond lan**

Vandè ak inovatè enèji yo kapab itilize AGILe elaji pou akselere deplwaman nouvo teknoloji yo epi avanse rechèch ak tèknoloji pwòp pa yo lè yo sèvi avèk metòd ki efikas, ki san danje epi pratik. Sistèm AGILe ka sèvi ak bezwen ajans Eta New York yo, sèvis piblik elektrik, konpayi teknoloji, inivèsite yo, ak operatè sistèm endepandan atravè mond lan pou akselere entèkoneksyon enèji renouvlab, fè rechèch ak devlopman sou sibèsekirite, ak lòt teknoloji avanse pou analiz ak operasyon rezo, ki gen ladan aplikasyon entèlijans atifisyèl ak etid mache elektrisite an gwo.

Kapasite prensipal etablisman an se yon modèl dijital detaye ki imite konpòtman rezo elektrik New York la, ki bay enfòmasyon an tan reyèl ak analiz prediksyon nan yon fason ki gen risk ki ba ak rantab. Itilizatè sistèm yo tou gen aksè ak yon pòfèy solisyon teknoloji epi yo ka itilize yon varyete modèl nan diferan disiplin pou etidye divès enpak sou pèfòmans sistèm lan.

**Prezidan NY CREATES la, David Anderson, te deklare,** "NY CREATES ap mennen rechèch ak devlopman avanse ki pral pèmèt teknoloji pis pwochen jenerasyon ak yon konsantrasyon sou dirabilite endistri a. Nou fyè dèske Konplèks modèn NanoTech Albany nou an pral tounen yon baz pwouve tou pou inisyativ AGILe NYPA a, ki pral yon baz esè pou yon rezo enèji pwòp ak dirab nan New York."

**Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare,** "Anba lidèchip Gouvènè Hochul, New York kontinye investi

nan nouvo teknoloji ki sipòte objektif klima eta a epi devlope ekonomi enèji renouvlab ak pwòp. Nouvo laboratwa sa a nan NY CREATES, kòlèg nou yo nan NYPA ak NYSERDA rann posib, pral sipòte plis rechèch kolektif ak efò devlopman nou yo pou ankouraje kwasans dirab nan sektè enèji pwòp la."

**Manm Asanble Didi Barrett te deklare,** "Tranzisyon nou an nan enèji renouvlab pral egzije amelyorasyon siyifikatif nan rezo a pou asire fyabilite ak sekirite kontinyèl. Laboratwa klas mondyal sa a pral pèmèt nou fè similasyon ak modèl, valide teknoloji inovan, akselere nouvo solisyon moman pou mache a, diminye risk nan tès anba divès modèl, epi ogmante sibèsekirite."

**Manm Asanble Patricia Fahy te deklare,** "Evènman metewolojik ekstrèm yo ap ogmante sèlman nan frekans ak depans milya dola pou kominote lokal nou yo sèlman kontinye ap grandi ak yon kriz klimatik k ap grandi rapidman. Ouvèti Laboratwa Inovasyon Rejis Avanse pou Enèji (AGILE) jodi a pral bay enfòmasyon ak done k ap mennen nan peyi a sou kapasite rezo elektrik New York la epi prevwa kapasite li pou reziste ak fonksyone menm pandan evènman move tan yo. Envestisman nan kalite inovasyon sa a nan Kanpis Nanotech Albany an simante plas Rejyon Kapital la kòm yon lidè nan entèlijans atifisyèl ak rechèch nanoteknoloji, epi asire kapasite kontinyèl nou pou reponn ak dezast natirèl nan yon moman kote li pi nesèsè."

**Manm Asanble John T. McDonald III, RPh te deklare,** "Jodi a make yon moman enpòtan nan vwayaj New York nan direksyon yon avni enèji dirab. Laboratwa modèn sa a, ki alimante Otorite Enèji New York la, reprezante yon temwayaj angajman Eta New York pran pou revolisyone fason nou itilize ak distribye enèji. Nan Laboratwa Inovasyon Rezo Avanse pou Enèji, yo pral fdè tdès, modèl, ak valide nouvo teknoloji elektrifikasyon, amelyorasyon rezo, ak entegrasyon resous renouvlab yo. AGILE pral ede mennen nou sou wout la nan direksyon yon avni ki pi vèt, ki pi rezistan. Mèsi Gouvènè Hochul, NYPA ak tout lòt patnè ki te travay pou fè pwojè sa a vin yon reyalyte."

**Chèf Egzekitif Konte Albany, Daniel P. McCoy, te deklare,** "Yon rezo elektrik fyab ak dinamik se yon eleman esansyèl nan tranzisyon nou an nan enèji renouvlab ak yon ekonomi enèji pwòp. Mwen felisite NYPA ak Gouvènè Hochul paske yo te envesti nan AGILE, yon etablisman ki pral ede akselere deplwaman teknoloji rezo kap emèje yo epi asire Eta New York ak Konte Albany kapab pwofite avantaj inovasyon sa a."

**Majistra Albany an, Kathy Sheehan te deklare,** "Yon lòt fwa ankò, Otorite Enèji New York la ap pwouve angajman li pou konstwi yon avni dirab pou tout Nouyòkè yo. Lè nou pèmèt nouvo teknoloji enèji yo teste rapidman ak san danje, AGILE pral gen yon gwo enpak sou minisipalite yo, tankou Albany, pandan n ap travay pou atenn pwòp objektif dirabilite nou yo. Mwen vle remèsye NYPA paske li kontinye fè travay enpòtan pou asire yon rezo elektrik ki an sekirite ak fyab pandan sektè enèji a ap andire gwo transfòmasyon."

**Plan Klimatik Nasyonal Eta New York**

Ajanda klimatik Eta New York la fè apèl ak yon tranzisyon ki metodik epi ki jis ki kreye djòb ki soutni fanmi, ki kontinye ankouraje yon ekonomi vèt nan tout sektè epi asire ke omwen 35 pousan, avèk yon objektif 40 pousan, nan avantaj investisman enèji pwòp yo ale nan kominote defavorize yo. Gide pa kèk nan inisyativ klimatik ki pi agresif ak inisyativ enèji pwòp nan peyi a, New York ap avanse yon seri efò – ki gen ladan program Kapital ak Envestisman New York Cap-and-Invest, (NYCI) ak lòt politik konplèmantè – pou diminye emisyon gaz ki lakòz efè sè yo a 40 pousan dis 2030 ak 85 pousan dis 2050 konpare ak nivo 1990 yo. New York sou wout pou l reyalize yon sektè elektrisite zewo emisyon an 2040, ki gen ladan 70 pousan pwodiksyon enèji renouvlab vè 2030, ak netralite kabòn nan tout ekonomi an vè mwaye syèk la. Yon poto mitan nan tranzisyon sa a se investisman san presedan New York pou devlope enèji pwòp yo, ki enkli plis pase 28 milya dola nan 61 pwojè enèji renouvlab ak transmisyon ki fèt sou gran echèl nan eta a, 6.8 milya dola pou redui emisyon batiman yo, 3.3 milya pou devlope enèji solè, prèske 3 milya dola pou inisyativ transpò pwòp, ak 130 Kominote Entèlijan fas ak Klima (Climate Smart Communities, CSC) sètifye, prèske 500 Kominote Enèji Pwòp, ak pi gwo inisyativ siveyans lè kominotè eta a nan 10 kominote defavorize atravè eta a pou ede sibler polisyon lè a ak konbat chanjman klimatik.

### **Enfòmasyon sou NYPA**

NYPA, ki se pi gwo òganizasyon elektrik piblik eta a ki nan nasyon an, ap jere 16 etablisman ki ap jenere elektrisite ak plis pase 2,253 kilomèt sikwi liy transmisyon yo. Plis pase 80 pousan elektrisite NYPA pwodwi se enèji idwolik renouvlab ki pwòp. NYPA finanse operasyon li yo apati obligasyon yo vann ak revni li resevwa an gran pati atravè elektrisite yo vann. Pou plis enfòmasyon vizite [www.nypa.gov](http://www.nypa.gov) epi swiv nou sou [Twitter](#), [Facebook](#), [Instagram](#), [Tumblr](#) ak [LinkedIn](#).

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Veye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)